

#### SS.7.C.1.4

Analize lide yo (dwa natirèl yo, wòl gouvènman an) ak plent ki tabli nan Deklarasyon Endepandans lan.

---

**SS.7.C.1.4 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 1:** Elèv yo ap eksplike konsèp dwa natirèl yo kòm sa eksprime nan Deklarasyon Endepandans lan.

Ekriven **Deklarasyon Endepandans** lan enkli lide **Syèk Limyè** nan dokiman sa a. Lide de **dwa natirèl** yo, te objektif prensipal yo, epi sete rezon prensipal ki fè Fondatè yo te deklare endepandans. Deklarasyon Endepandans lan deklare ke dwa natirèl pa te "bay" pa moun nan gouvènman yo. Yo te di ke dwa natirèl yo te kapab sèlman soti nan "lanati ak Bondye Nati a." Dwa natirèl enkli "lavi, libète ak pouswit kontantman". Gouvènman yo pa ka retire dwa sa yo paske yo te bay moun yol e wetel nan men yo pa "lanati ak Bondye Nati a".

**Syèk Limyè** - yon peryòd nan istwa Ewopeyen lè anpil moun ki edike te ensiste sou enpòtans pou aprann ak rezònman; edikasyon te konsidere kòm kle pou konpreyansyon ak rezoud pwoblèm sosyete a

**Deklarasyon Endepandans** - yon dokiman kite ekri nan lane 1776 ki gen baz pou gouvènman demokratik ak plent kolon yo

**dwa natirèl** - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.